

YON GID ITILIZATÈ POU





PEP

**Evite VIH
apre kontak**

PEP

Entwodiksyon PEP

- PEP se medikaman pou ijans ki kapab evite enfeksyon VIH si ou kòmanse pran li touswit, **nan 36 èdtan men pa apre 72 èdtan, apre moun nan te petèt pran kontak** ak VIH.
- PEP ap anpeche yon moun ki pran kontak ak VIH vin gen yon enfeksyon VIH.
- Pou evite VIH, pran PEP jan doktè ou preskri li pandan **28 jou.**

Si ou panse ou te pran kontak ak VIH, rele liy dirèk NYC PEP a nan **844-373-7692**, oswa ale nan yon klinik oswa sal dijans tousuit epi mande PEP.

PEP = Pwofilaksi Apre Kontak
Pwofilaksi = Prevansyon

Pran PEP selon preskripsyon an, chak jou pandan 28 jou.

- Mande pwofesyonèl swen sante ou oswa famasyen ou kijan pou w pran grenn ou yo. Gen diferan melanj medikaman pou PEP. Ou ka bezwen pran kèk grenn yon fwa pa jou ak kèk grenn de (2) fwa pa jou.
- Pou ede ou sonje:
 - Kenbe boutèy grenn ou yo kote ou kapab wè yo.
 - Pran PEP anvan oswa apre yon aktivite chak jou, tankou lè w ap manje dejene, oswa bwose dan ou.
 - Fiske rapèl chak jou pou pran PEP nan telefòn ou oswa nan mont ou. Pou resevwa tèks ki fè ou sonje pran medikaman ou, tèks **MEDS** bay **877877**.

Bwat debaz PEP

Ou ka resevwa yon "bwat debaz" grenn pou premye kèk jou PEP. Ou ka gen pou egzekite yon preskripsyon pou rès 28 jou yo. Pou evite nenpòt sispansyon nan PEP, **egzekite preskripsyon ou imedyatman ou kapab** epi fè klinik ki preskri ou a konnen si ou gen pwoblèm pou jwenn grenn ou pou nenpòt rezon.

Ou pa byen konnen si ou ta dwe kontinye pran PEP?

- **Pa** sispann pran PEP san ou pa pale avèk pwofesyonèl swen sante ou.
- Si ou pa gen mwayen pou achte PEP, fè pwofesyonèl swen sante ou konnen sa. Li kapab ede ou jwenn èd finansye.



Si ou bliye pran yon grenn, pran li kou ou sonje sa.

- Men **pa** pran de (2) dòz anmenmtan pou ratrape ou.
- Si w ap plede rate dòz yo, mande pwofesyonèl swen sante ou a fason pou w pran dòz yo kòmsadwa.

Kenbe PEP ou sou ou

Toujou pote yon dòz jounalye PEP ou nan yon ti bwat grenn oswa vlope nan papye aliminyòm. Nan fason sa a, si ou rate woutin ou, w ap toujou gen PEP epi ou kapab kontinye avèk orè ou.

Kontakte pwofesyonèl swen sante ou

- Pandan w ap pran PEP, pwofesyonèl swen sante ou ap pwograme vizit avèk ou pou retounen vin wè li—oswa pou kontakte ou nan telefòn, tèks oswa imèl—pou li:
 - wè si w ap pran PEP selon preskripsyon an
 - mande si ou gen nenpòt reyaksyon negatif
 - reponn nenpòt kesyon ou genyen sou PEP, VIH oswa lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infections, STIs)
- W ap fè tès twa fwa pou VIH: lè ou kòmanse PEP, imedyatman apre ou fini li de (2) mwa apre ou fini PEP.
- Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen touswit si ou gen lafyèv, glann anfle, oswa yon gratèl—reyaksyon negatif sa yo ka se siy yon enfeksyon VIH bonè oswa yon lòt STI. Kèk tès espesyal nesèsè pou doktè dekouvri VIH nan etap sa a. Dyagnostik ak tretman bonè te ka bay plis avantaj sante pou ou, epitou yo kapab ede ou evite transmèt VIH ba lòt moun.

Ou kapab pran randevou pou vizit pou retounen wè doktè regilye ou oswa enfimyè ou, oswa pou retounen nan lòt klinik ki gen eksperyans nan bay PEP. Gade kouvèti dèyè a pou aprann kijan pou jwenn yon klinik ki kapab ede ou avèk PEP.



PEP te Kenbe

Mwen **VIH** —

PEP se yon opsyon prevansyon efikas pou fanm transjan epi li pa pral deranje terapi òmòn.



PEP ak Sante Repwodiktiv

- Si w ansent, w ap eseye ansent oswa w ap bay tete, ou ka toujou itilize PEP ou evite VIH. Moun ki preskri PEP pou ou an kapab pale sou nenpòt enkyetid sou sekirite ak yon ekspè VIH.
- PEP pa pral deranje grenn planin ou, tankou kontrasepsyon annijans.



Konnen efè segondè yo

- PEP ka bay ti efè segondè lejè, tankou kèplen, vant deranje, fatig ak maltèt.
- Sentòm sa yo amelyore oswa yo ale souvan apre premye semèn w ap pran PEP.
 - Pou anpeche kèplen, pran PEP ak yon ti goutte oswa anvan w al dòmi pou w remake kèplen an mwens.
 - Pou soulaje kèplen, eseye sirèt jenjanm oswa te mant pwavre.
 - Pou gaz oswa balonnman, eseye yon medikaman yo vann san preskripsyon pou soulaje gaz.
 - Si pou pou mou yo nui ou, eseye pran sipleman fib.
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si reyaksyon negatif yo kontinye nui ou.

Apre PEP, anvizaje PrEP

- **PEP Annijans** ap pwoteje ou **apre** ou te pran kontak ak VIH. Ou kapab pran PEP ankò si ou pran kontak ak li ankò. **PrEP (Pwofilaksi** anvan Kontak) se yon pi bon chwa si ou pa gen VIH epi gen posiblite pou pran kontak ak VIH ankò.
- **PrEP** se yon grenn san danje pou pran **chak jou** ki redui risk pou gen VIH anpil toutotan w ap pran li chak jou.
- Si ou enkyete pou VIH, mande doktè ou si PreP ka bon pou ou.

Plis fason pou evite VIH

- **Sèvi ak kapòt oswa lòt metòd baryè toutotan li posib**, yon fason ki pi bon, chak fwa w ap fè bagay epitou menmsi w ap pran PEP oswa PrEP. PrEP ak PEP pa bay pwoteksyon kont lòt STI oswa kont gwosès, men kapòt fè sa.
- **Itilize silikòn oswa librifyan abaz dlo**, sitou pandan w ap fè sèks nan dèyè.
- **Al fè tè s.** Se sèl fason pou konnen si oumenm oswa yon patnè gen VIH.
- **Sipòte patnè k ap viv avèk VIH.** Ankouraje yo pou yo pran swen pou VIH epi pou yo pran medikaman VIH yo chak jou pou yo rete an sante epitou pou yo evite transmèt VIH ba ou oswa ba lòt moun.

Pran PEP chak jou – ekri fason ou itilize PEP ou.

Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4
X	X	X	X
Jou 5	Jou 6	Jou 7	Jou 8
X	X	X	X
Jou 9	Jou 10	Jou 11	Jou 12
X	X	X	X
Jou 13	Jou 14	Jou 15	Jou 16
X	X	X	X
Jou 17	Jou 18	Jou 19	Jou 20
X	X	X	X
Jou 21	Jou 22	Jou 23	Jou 24
X	X	X	X
Jou 25	Jou 26	Jou 27	Jou 28
X	X	X	X

Senk etap nan PEP

1. Pran PEP selon preskripsyon an, chak jou pandan 28 jou. Itilize almannak ki nan gid sa a pou ede ou asire ou pran PEP chak jou.
2. Si ou bliye pran yon grenn, pran li imedyatman ou sonje sa. Men **pa** pran de dòz anmenmtan.
3. Kontakte pwofesyonèl swen sante ou.
4. Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen si reyaksyon negatif yo nui ou.
5. Apre PEP, anvizaje pran PrEP epitou anvizaje sèvi ak kapòt toutan pou jwe avèk sètitud epi pou rete san laperèz.

Ou gen kesyon sou PEP?

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche "HIV PEP" (PEP VIH).

Si ou panse ou te pran kontak ak VIH, rele liy dirèk NYC PEP a nan **844-373-7692**, oswa ale nan yon klinik oswa sal dijans tousuit epi mande PEP.

